

Règleman Zewo-Diskriminasyon ak Asèlman Pou Etidyan Yo Ki Nan: **LEKÒL PIBLIK MATCH CHARTER**

Zewo-Diskriminasyon

Lekòl Piblik Match Charter (ki refere kòm "Match") pa fè diskriminasyon nan admisyon, nan bay aksè, nan trete, oswa nan anplwaman sèvis li yo, program ak sèvis li yo, akoz raz, koulè oswa orijin nasyonal, ann akò avèk Tit VI Lwa Dwa Sivil 1964 yo ("Tit VI"); sou baz (sa enkli atak ak asèlman seksyèl), ann akò avèk Tit IX Amandman Edikasyon 1972 yo ("Tit IX"); sou baz andikap, ann akò avèk Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la ("Seksyon 504") e Tit II Lwa Ameriken pou Andikape 1990; oswa sou baz laj, ann akò avèk Diskriminasyon Laj nan Lwa Travay 1974. An plis de sa, okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon nan admisyon nan Match akoz ras li, koulè l, orijin nasyonal li, kwayans li, sèks li, idantite seksyèl li, gwoup etnik li, oryantasyon seksyèl li, andikap mantal oswa fizik li, laj li, zansèt li, pèfòmans atletik li, bezwen espesyal li, oswa pèfòmans li nan lang Angle oswa yon lang etranje rannman akademik li, oubyen sanzabri jan M.G.L. c. 71, §89(m) egzije sa; 603 CMR 1.06(2). Finalman, okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon pou l jwenn avantaj, privilèj oswa nan gen aksè a kou etid lekòl la ofri akoz ras, sèks, koulè, idantite seksyèl, reliyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, oswa sanzabri M.G.L. c. 76, § 5 egzije sa. Match pa tolere okenn fòm diskriminasyon, entimidasyon, menas, presyon, e/oswa asèlman akoz de ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans, sèks, idantite seksyèl, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, andikap mantal e fizik, laj, zansèt, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, pèfòmans nan lang Angle, rannman akademik, oswa sanzabri, oubyen nenpòt lòt konsiderasyon ki fèt ilegalman pa nenpòt lwa oswa regilasyon federal, leta oswa local

Pi lwen, aktivite apre klas Match ap parennen yo dwe san prejije yon fason pou (1) Match bay tout elèv menm chans pou patisipe nan spò andedan sal ak entèskolè epi (2) aktivite apre klas oswa ekip Match ap parennen pa mete pyès elèv deyò poutè ras, sèks, koulè po, reliyon, peyi kote l soti, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, andikap oswa sanzabri oswa nenpòt lòt klas ki pwoteje.

Asèlman

Asèlman pa anplwaye, etidyan, vandè, volontè, e lòt moun nan Match yo nan evènman lekòl la patwosine yo ilegal epi sa estrikteman entèdi. Match egzije tout anplwaye yo, volontè yo ak etidyan yo kondui pwòp tèt yo yon fason apwopriye avèk respè anvè tout manm kominate eskolè a.

Asèlman kapab pran fòm blag ofansiv, ensilt, kòmantè, ensinyasyon, nòt, prezantasyon foto oswa senbòl, jès, epitèt oswa bay vye non, atak fizik oswa menas, entimidasyon, ridikilize oswa mokri, ensilt oswa rabesman, objè oswa foto ofansif oswa lòt konduit ki ofanse oubyen ki demontre irespè pou lòt moun akos ras yo, koulè yo, orijin nasyonal yo, kwayans yo, sèks, idantite seksyèl, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, laj, zansèt, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, pèfòmans nan lang Angle, rannman akademik, oswa sanzabri.

Asèlman seksyèl siyifi avans seksyèl endezirab, demann favè seksyèl, oswa lòt konduit vèbal oswa fizik ki gen yon karaktè seksyèl. Se yon konduit vèbal, fizik oswa vizyèl kote entansyon an oswa efè a se kreye yon anviwònman ofansiv, ostil oswa entimidan. Men kèk egzanp asèlman seksyèl:

1. Akseptasyon oswa soumisyon a yon konduit konsa fèt kòm yon kondisyon edikatif, keseswa eksplisitman oswa enplisitman (klèman oswa anbachal).
2. Repons moun lan a konduit sa sèvi kòm yon baz pou edikasyon, disiplin, oswa lòt bagay k ap afekte yon etidyan an.
3. Jan de konduit sa entèfere avèk edikasyon oswa patisipasyon yon etidyan nan aktivite ekstrakourikilè yo.
4. Konduit la kreye yon anviwònman travay oswa eskolè entimidan, ostil oswa ofansif.

Definisyon legal asèlman seksyèl la vas e anplis de egzanp anwo yo, lòt konduit seksyèl ki oryante, keseswa li entansyonèl ou pa, ki endezirab e kòm efè li kreye yon anviwònman ki ostil, ofansif, entimidan, oswa imilyan pou

etidyan yo kapab konstitiye tou asèlman seksyèl. An plis de sa, vvolans seksyèl ki fèt kont volonte yon moun oswa nan sitiyasyon kote yon moun pa kapab bay konsantman I (pa egzanp, akoz de laj etidyan an, itilizasyon dwòg oswa alkòl, oswa andikap entèlektyèl) sa enkli vyòl, atak seksyèl, agresyon seksyèl (kadejak, san mande) e presyon seksyèl se fòm asèlman seksyèl.

Tit IX nan Amandman Edikasyon 1972 la entèdi tou, asèlman seksyèl sou etidyan, benevòl yo ak anplwaye yo nan Match, men kondwit yo considere kòm "asèlman seksyèl" selon Tit IX a limite e li pa anglobe tout kondwit ki konstitiye yon asèlman seksyèl dapre politik lekòl la ak/oswa lòt lwa etatik ak federal. Pou rezon sa yo, Match pral ankete sou tout plent asèlman seksyèl sou anplwaye, benevòl ak/oswa etidyan yo nan yon mannyè ki konfòm ak Tit IX/Politik sou Asèlman Seksyèl li a, Egzibit M, men si li jwenn plent yo pote yo pa tonbe anba sanksyon Tit IX yo, men yo toujou considere kòm asèlman seksyèl dapre Politik sou Diskriminasyon ak Asèlman sa a, Match pral mete an plas yon seri mezi koreksyonèl ak/oswa disiplinè k ap konfòm ak politik aktyèl sa a ak/oswa lòt politik ki aplikab

Reprezay kont yon moun ki te rapòte Match asèlman seksyèl oswa lòt konduit inapwopriye oswa ki te kowopere nan yon envestigasyon pou yon plent anba règleman sa a ilegal e Match pa pral tolere I.

Ensidan asèlman seksyèl yo kapab konstitiye abi sou timoun selon lwa leta e sa kapab vyole lwa kriminèl tou. Match pral konfòme I avèk tout egzijans legal gouvènman yo lè I rapòte ka yo sisèpèk ki gen abi sou timoun e vvolasyon kriminèl bay otorite konpetan yo, sa enkli Depatman Timoun ak Fanmi yo (Department of Children and Families).

Plent Kont Asèlman e Diskriminasyon:

Si w kwè ou te viktim de yon asèlman pa yon anplwaye oswa yon volontè Match, yon lòt etidyan nan Match oswa yon lòt moun, rapòte ensidan an imedyatman bay moun ki vin annaprè yo:

- Pou prezime vvolasyon Tit IX sa enkli asèlman seksyèl, vvolans seksyèl, e asèlman ki baze sou sèks: Michael Kerr, Chèf Ofisyè Operasyon E Administrasyon ak Kowòdinatè Tit IX lan, 215 Forest Hills Street, Jamaica Plain, MA 02130, [\(mike.kerr@matchschool.org\)](mailto:mike.kerr@matchschool.org); [\(857\) 203-9668](tel:(857)203-9668).
- Pou prezime vvolasyon Seksyon 504 la ak Tit VI la: Direktè Edikasyon Espesyal la oswa Direktè lekòl ou a.
- Pou tout lòt ensidan asèlman oswa diskriminasyon yo: Direktè lekòl ou a.
- Si moun ki mansyone anwo a se li ki agresè a, rapòte ensidan an bay Nnenna Ude, Direktè Egzekitif, 215 Forest Hills Street, Jamaica Plain, MA 02130, [\(nnenna.ude@matchschool.org\)](mailto:nnenna.ude@matchschool.org), [\(857\) 203-9668](tel:(857)203-9668).

Pèsonèl Match la pral envestige san pèdi tan akizasyon an nan yon fason ki jis e rapidman. Envestigasyon an pral fèt yon fason pou kenbe konfidansyalite toulede moun yo, pleyan ak prezime agresè a nan tout mezi posib selon sikonstans yo. Match pral enfòme pleyan abilité I pou I reponn a akizasyon asèlman kapab limite si etidyan an mande pou non I pa site e li pral franchi etap yo pou prevni epi fè fas ak reprezay. Sepandan, si etidyan an toujou solisite konfidansyalite, Match pral envestige epi reponn a plent lan tout pandan I ap respekte demann etidyan an toutotanke sa pa anpeche lekòl la reponn ak efikasite a asèlman an epi prevni asèlman an pou lòt etidyan yo. An plis de sa, si yon etidyan akize yon anplwaye de asèlman seksyèl, e prezime agresè a ta renmen konn non moun ki akize I la yon fason pou I defann li ann akò avèk pwosesis dwa federal yo ki pwoteje dwa I, abilite Match genyen pou I enpoze aksyon disiplinè kont prezime agresè a kapab limite.

Envestigasyon an pral gen ladan I yon entèvyou prive avèk moun ki depoze plent lan e avèk evantyèl temwen yo. Match pral entèvyouye tou moun yo akize ki te komèt asèlman an.

Pandan envestigasyon an, li ka nesesè pou Match pran dsipozisyon pou I separe prezime agresè a ak pleyan yon fason pou I elimine asèlman nan anviwònman eskolè a konsènan sa pleyan te depoze plent lan. Match pral kontwole nenpòt mezi enterim li pran atravè envestigasyon an.

Match pral enfòme prezime agresè a ak pleyan an de rezulta envestigasyon an. Jeneralman, yo pa pral enfòme pleyan de sanksyon oswa disiplin yo bay yon etidyan ki te patisipe nan yon asèlman akoz de dwa agresè selon Lwa sou Dwa

Edikasyon Familyal e Privasite. Si yo detèmine asèlman te fèt, Match pral reyaji rapidman pou l'elimine konduit ofansif la epi pran mezi pou prevni jan de konduit sa repwodui. An plis de abòde ensidan an espesifik la, Match pral travay pou l'elimine nenpòt anviwònman ostil asèlman okazyone. Nan detèmine repons apwopriye, pèsonèl Match pral konsidere divès faktè, enkli karakteristik e sikontans sib la, nati ensidan an, e anviwònman kote ensidan an te pwodui a. Kote sa apwopriye Match kapab fè youn oswa plizyè nan bagay ki vin annaprè yo: separe agresè a avèk sib la, founi konsèy pou agresè a e/oswa sib la, reyafime règleman l yo kont asèlman, fòme kò anseyan sou repons ki apwopriye asèlman, founi pwogram pou etidyan yo pou efè malfezan asèlman, e/oswa enpoze aksyon disiplinè kont agresè a. Match pral fè suivi avèk etidyan ki asele yo e fanmi yo pou envestige si wi oswa non te genyen nouvo ensidan asèlman oswa moman reprezay e li pral travay rapidman pou jere nenpòt pwoblèm.

Nan ka ki enplike agresyon seksyèl, anplwaye Match pral swiv pwosedi ki tabli nan Règleman Match sou Abi ak Neglijans sou Timoun.

Si w kwè gen yon zak reprezay ki te poze kont ou paske w te denonse asèlman oswa konpòtman inapwopriye a bay Match oswa paske w te kowopere nan yon envestigasyon nan yon plent selon règleman sa a, tanpri itilize pwosedi konplent lan ki etabli anwo a.

Tanpri remake: Si w pa satisfè avèk repons Match la, ou kapab depoze yon plent dirèkteman devan "Office of Program Quality Assurance" nan Depatman Edikasyon Elementè e Segondè oswa chache konsèy deyò. Ou kapab kontakte tou ajans leta yo ki responsab pou fè respekte lalwa ki kondane asèlman oswa diskriminasyon nan lekòl yo: Depatman Edikasyon Masachisèt, 350 Main Street, Malden, MA (781) 388-3300 e Komisyon Kont Diskriminasyon Masachisèt, One Ashburton Place, Boston, MA (617) 994-6000). Ajans ki responsab pou fè respekte lwa federal la ki entèdi asèlman akoz de sèks se Biwo Dwa Sivil nan Depatman Edikasyon Etazini, ki sitiye nan John W. McCormack Building, 5 Post Office Square, Boston, MA (617) 289-0111).

(Mizajou: Jiyè 2023)